

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Kurikulum Tingkat Satuan Pendidikan (KTSP) nya éta kurikulum anu geus lumangsung sababaraha taun ka tukang. Aya deui kurikulum anyar nya éta Kurikulum 2013 anu karék lumangsung ti taun 2013. Kurikulum anu kuduna dilaksanakeun kalayan gembleng di sakola, masih kénéh loba can ngahontal kompetensi siswa. Éta dilantarankeun ku kabiasaan heubeul diajar-ngajar anu hése dirobah, nya éta cara ngajar guru anu masih kénéh maké cara biasa saperti métode ceramah.

Standar kompetensi lulusan SMP/MTs dina pangajaran Basa jeung Sastra Sunda utamana dina pangajaran nulis, nya éta mampuh nulis pikeun ngedalkeun sababaraha pesen/amanat (pikiran, rasaan, jeung kahayang) sacara tinulis dina rupa-rupa karangan nu mangrupa pedoman ngawawancara, prosa (pangalaman, biografi, pedaran warta, pedaran éséy, surat, carita pondok, laporan, bahasan), jeung puisi (sajak, guguritan, sisindiran). Ari kompetensi dasarna nya éta siswa dipiharep mampuh nuliskeun pangalaman, biografi singkat, sajak jeung téks éksposisi. Panalungtik ngaheureutan kompetensi dasarna kana pangajaran nulis téks éksposisi.

Pangajaran nulis téks éksposisi dianggep hésé keur siswa di tingkat SMP/MTs sabab merlukeun hiji pamikiran nu leuwih jero pasualanna dibandingkeun jeung nulis téks nu lainna. Siswa ogé hésé ngébréhkeun ide jeung ngalarapkeun kecap-kecap nu merenah kana wangun karangan. Aya sababaraha tahap jeung kudu merhatikeun éjahan tur tata basana. Ieu hal nu ngalantarankeun pangajaran nulis téh dianggep hésé ku siswa. Kurangna minat kana nulis mangrupa hiji hal nu ngalantarankeun kurangna kamampuh siswa ngeunaan kabiasaan jeung kaédah-kaédah nulis.

Dina nulis téks éksposisi siswa diperedih kudu bisa manggih pasualan jeung anggapan-anggapan dasar nu ngarojong kana pamadeganna. Opini jeung

Siska Vitria Dewi, 2014

Modél pangajaran think-talk-write (ttw)

Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks éksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

anggapan dasar bisa kapanggih ku siswa ku cara diskusi jeung siswa séjén. Aya sababaraha modél pangajaran nu bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina ngébréhkeun hasil pamikiranna.

Dina ieu panalungtikan, sim kuring nyobaan hiji hal pikeun ngirut siswa kana pangajaran nulis karangan éksposisi nya éta ku cara ngagunakeun modél pangajaran nu ngutamakeun siswa leuwih aktif dina proses diajarna (*Cooperative learning*).

Métode diajar hiji individu jeung individu lianna tangtu béda. Kualitas téhnik diajar mangaruhan kana kualitas hasil diajarna. Salian ti éta, métode pengajaran ogé penting kana kahontalna prosés pangajaran. Aya sababaraha faktor anu bisa mangaruhan héngkéna kualitas hasil diajar. Salah sahijina nya éta héngkéna minat diajar (Almiati. (2011). *Efektifitas penggunaan model pembelajaran two stray terhadap peningkatan kualitas pembelajaran matematika siswa smk negeri semarang dalam materi integral*. [Online]. Aya dina: <http://portalgaruda.org>. Diaksés tanggal 25 November 2013). Gedé leutikna minat diajar siswa gumantung kana métode atawa téhnik pangajaran anu digunakeun ku guru. Can loba guru anu ngagunakeun parési dina téhnik pangajaranana. Sababaraha guru ngajar ku cara nu konvensional, upamana ngagunakeun métode ceramah jeung métode konvensional séjénna. Pangaweruh ngeunaan métode pangajaran penting pikeun kahontalna prosés pangajaran. Hiji guru moal bisa ngalaksanakeun tugasna upama éta guru teu bisa nyangkem métode pangajaran anu dirumuskeun jeung dikedalkeun ku para ahli psikologi jeung pendidikan (<http://diglib.unmed.ac.id>).

Guru anu jadi palaku utama pendidikan langsung nyanghareupan siswa, ngabogaan peranan penting dina tarékah ngaronjatkeun kualitas pendidikan nasional. Salah sahiji cara ningkatkeunna nya éta ngagunakeun métode pangajaran anu variatif jeung éféktif. Ngagunakeun métode pangajaran anu tangtu bisa ngaronjatkeun minat siswa nu antukna bakal nangtukeun hasil diajar anu positif.

Aya sababaraha jenis métode pangajaran. Eta métode ngabogaan kahéngkéran jeung kaonjoyan séwang-séwangan. Métode anu merenah nya éta métode anu bisa ngaronjatkeun aktivitas diajar siswa di kelas. Tina éta hal guru kudu bisa

Siska Vitria Dewi, 2014

Modél pangajaran think-talk-write (ttw)

Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks éksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

nyangkem kana matéri anu rék ditepikeun, utamana dina pangajaran basa, siswa ditungtut kudu leuwih aktif dina prosés pangajaran.

Dumasar kana éta hal, nu nulis rék nalungtik ngeunaan salah sahiji métode pangajaran anu sakirana luyu keur pangajaran basa. Nu nulis rék nalungtik ngeunaan modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) dina ngaronjatkeun kamampuh nulis téks éksposisi siswa kelas VII SMPN 1 Cibeureum. *Think-Talk-Write* (TTW) dina pangajaran basa Sunda nya éta hiji métode pangajaran kooperatif anu diwangun ku cara mikir, ngomong jeung nulis. Ieu modél pangajaran nungtut siswa leuwih aktif jeung diajar kooperatif atawa bisa gawé bareng jeung siswa séjénna dina hiji kelompok. Siswa dibéré ruang jeung waktu keur ngébréhkeun ide fikiranna ka sakabéh anggotana. Siswa bisa ngadiskusikeun hasil pamikiranana, ngaréfléksikeunna, nyusun ide-idena, jeung nguji hasil pamikiranana saméméh nulis. "*Thinking and talking are important steps in the process of bringing meaning into student's writing*", nya éta mikir jeung ngarempugkeun hasil pamikiran mangrupa cara nu penting pikeun ngungkapkeun hasil pamikiran kana bentuk tulisan siswa. Métode pangajaran ieu digunakeun pikeun ngarojong dina ningkatkeun minat diajar siswa di kelas, utamana dina ningkatkeun kamampuh aspék nulis téks éksposisi (Anonim. (2013). *Pembelajaran think talk write (TTW)* [Online]. Aya dina: <http://mitraikhtiar.com>).

Panalungtikan modél ajar geus réa, diantaranya wae nya éta; (1) *Modél Think-Talk-Write pikeun ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Guguritan* (Nuraeni, 2013), (2) *Modél TTW dina Pangajaran Hasil Téks Wawancara* (Putri, 2011), (3) *Modél pangajaran TTW dina Laporan Modél Pangajaran* (Yuningsih, 2013). Eta panalungtikan-panalungtikan ngeunaan modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) dina ngaronjatkeun nulis jenis-jenis téks saperti nulis guguritan jeung téks wawancara. Dina nulis téks guguritan siswa ngan diperedih pikeun manggihan kecap-kecap jeung kalimah-kalimah nu merenah dijadikeun guguritan. Kitu oge dina nulis téks wawancara, siswa ngan dipiharep nuliskeun hasil wawancara. Béda jeung ieu panalungtikan, nu modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) dipiharep bisa ngaronjatkeun siswa dina nulis téks éksposisi nu merlukeun pamikiran jeung

Siska Vitria Dewi, 2014

Modél pangajaran think-talk-write (ttw)

Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks éksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kataliténan nu leuwih jero. Panulis ngarasa modél *Think-Talk-Write* (TTW) leuwih luyu digunakeun dina pangajaran nulis téks éksposisi sabab saluyu jeung langkah-langkah anu aya dina panulisan téks éksposisi nu merlukeun pamikiran (*Think*), ngadiskusikeun hasil pamikiran jeung siswa nu séjén (*Talk*) jeung nuliskeun hasil pamikiranna kana wangun tinulis (*Write*).

Dumasar kana éta hal, nu nulis manggihan yén modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) bisa ngarojong pangajaran nulis karangan éksposisi di kelas VII. Ku kituna, nu nulis hayang ngayakeun panalungtikan, anu dirumuskeun dina judul “*Modél Pangajaran Think-Talk-Write (TTW) dina Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Éksposisi Siswa Kelas VII SMPN 1 Cibeureum*”.

Ku kituna, ieu panalungtikan téh kacida pentingna sangkan bisa ngaidéntifikasi pangaruh henteuna modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW), hususna pikeun siswa kelas VII SMP Negeri 1 Cibeureum.

1.2 Identifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Identifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan dilakukeun di SMPN 1 Cibeureum kelas VII-A salaku kelas ékspérimen. Data anu ditalungtik nya éta data hasil diajar siswa tina pratés jeung pascatés. Matéri pangajaran anu dipedar diwatesan dina matéri nulis téks éksposisi.

Masalah anu ditalungtik diwatesanan ngeunaan:

- a) modél *Think-Talk-Write* (TTW): (1) néangan pasualan (*Think*), (2) ngadiskusikeun pasualan (*Talk*), jeung (3) nulis téks éksposisi (*Write*), sarta
- b) kamampuh nulis téks éksposisi : (1) kualitas lingkup jeung eusi, (2) organisasi jeung tampilan eusi, (3) gaya basa, (4) éjahan, jeung (5) rapih henteuna tulisan.

1.2.2 Rumusan Masalah

Masalah ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a) Kumaha kamampuh nulis téks éksposisi siswa kelas VII-A saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW)?
- b) Kumaha kamampuh nulis téks éksposisi siswa kelas VII-A sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW)?
- c) Naha éféktif atawa henteu modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) kana kamampuh nulis téks éksposisi siswa kelas VII-A?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum ieu panalungtikan nya éta keur ngabuktikeun pangaruh modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) kana kamampuh nulis téks éksposisi siswa kelas VII SMP Negeri 1 Cibeureum Kuningan.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- a) kamampuh nulis téks éksposisi siswa kelas VII A saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW);
- b) kamampuh nulis téks éksposisi siswa kelas VII A sanggeus ngagunakeun modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW); jeung
- c) éféktivitas modél pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) kana kamampuh nulis téks éksposisi siswa kelas VII A.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Sakumaha nu aya dina tujuan ieu panalungtikan, sim kuring miharep ieu panalungtikan téh miboga mangpaat keur balaréa, utamana keur bapa ibu guru. Aya ogé mangpaat nu dipiharep nya éta saperti ieu di handap.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa nambahan élmu pangaweruh di dunya pendidikan utamana ngeunaan modél pangajaran *Think-*

Siska Vitria Dewi, 2014

Modél pangajaran think-talk-write (ttw)

Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks éksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Talk-Write (TTW) dina pangajaran basa Sunda matéri téks éksposisi. Salian ti eta, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi gambaran dina kamekaran panalungtikan-panalungtikan anu sajenis kahareupna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, panalungtikan ieu dipiharep bisa méré mangpaat pikeun guru, siswa, sakola, tur nu nulis.

a) Keur Guru

- 1) Nambahan pangaweruh keur kahareupna jadi bahan tinimbang dina prosés diajar-ngajar, hususna dina ngajarkeun matéri ngeunaan nulis sarta mikanyaho kamampuh siswa dina nulis téks éksposisi;
- 2) Bisa jadi strategi alternatif pangajaran nulis téks éksposisi, jeung dilarapkeun di kelas.

b) Keur Siswa

- 1) Bisa ningkatkeun hasil diajar siswa;
- 2) Nambahan pangalaman langsung dina ngébréhkeun ide pamikiran jeung diajar sacara aktif.

c) Keur Sakola

Informasi jeung bahan pertimbangan keur guru basa Sunda ngeunaan pamakéan métode pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW) dina pangajaran matéri téks éksposisi.

d) Keur nu Nulis

- 1) Keur meunangkeun bukti pangaruh henteuna pamakéan métode *Think-Talk-Write* (TTW) dina pangajaran basa Sunda matéri téks éksposisi.
- 2) Keur meunangkeun gambaran ngeunaan hasil diajar siswa dina pangajaran basa Sunda hususna pangajaran basa Sunda matéri téks éksposisi.

1.5 Raraga Tulisan

Siska Vitria Dewi, 2014

Modél pangajaran think-talk-write (ttw)

Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks éksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Dina bab I, dipedar ngeunaan kasang tukang masalah, identifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung sistematika penulisan.

Dina bab II, dipedar ngeunaan tiori-tiori anu jadi dadasar tina panalungtikan. Saluyu jeung judul panalungtikan, dina bab II diperedih ngeunaan model pangajaran *Think-Talk-Write* (TTW), nulis, jeung téks éksposisi.

Dina bab III, dipedar ngeunaan desain panalungtikan, populasi jeung sampel, métode panalungtikan, tehnik panalungtikan, sarta instrumén panalungtikan.

Dina bab IV, dipedar ngeunaan hasil panalungtikan tur analisis data anu diitung maké élmu statistika.

Dina bab V, eusina ngeunaan kacindekan jeung saran sanggeus ngalakukeun panalungtikan.



Siska Vitria Dewi, 2014

Modél pangajaran think-talk-write (ttw)

Pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis téks éksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu